

OTÒN 2022

JEDI 01 SEPTANM

STRINGS-ON-HUDSON: INVOKE
5:30PM, BELVEDERE PLAZA

Invoke se yon gwoup multi-enstrimantal ki depase tradisyon nan tout Etazini, ki genyen ladan bluegrass, Appalachian fiddle tunes, ak jazz. Konpozisyon orijinal quartet Austin nan TX, mele estil ki varye yon fason amonye pou kreye yon mizik ki vrèman inik.



JEDI 08 SEPTANM AK 22 SETANM

SERI KONSÈ: SON JWIF MODÈN
6:30PM, MUSEUM OF JEWISH HERITAGE
36 BATTERY PLACE

Rejwenn Mize a pou yon seri ki gen kat konsè ki pral kouvri respirasyon mizik Jwif la, apati akòdeyon klezmer jiska folk ak elektwonik, enstrimantal djaz, ak cotton-candy pop. Avèk Daniel Kahn, Kami Maltz, ak lòt.

Enskripsyon nesèsè nan: mjhnyc.org/current-events/

Prezante pa Museum of Jewish Heritage - A Living Memorial to the Holocaust an patenarya avèk Otorite Battery Park City.

VANDREDI 09 SEPTANM

SWARE SINEMA BPC BACK TO SCHOOL
6:30PM, ROCKEFELLER PARK

Retou nan lekòl! Selebre retou lekòl nan evènman kominotè famiyal sa a nan lakou baskèt bòl ap prezante sesyon baskèt bòl Space Jam avèk antrenè BPCA, ki swiv pa yon Prezantasyon sinema Space Jam, ki ranpli ak pèpèt. SESYON BAKSÈTBÒL SPACE JAM A 6:30

7:30PM: PREZANTASYON SINEMA SPACE JAM

MADI 13 SEPTANM AK JEDI 29 SEPTANM

TOU LAMACH JEWISH HERITAGE NAN
LOWER MANHATTAN
5PM, MUSEUM OF JEWISH HERITAGE
36 BATTERY PLACE

Rejwenn yon tou lamach nan Lower Manhattan, kote nou pral aprann sou fason Jwif ki genyen anpil antedan te konvèje nan New York epi te fòje yon Jidayis Ameriken ki inik. Pandan n ap travèse Lower Manhattan, nou pral trase eksperyans jwif la nan New York pandan Epòk Kolonyal la ak New York aprè peryòd Revolisyon an, ki prezante repè ki famile tankou Castle Clinton, Bowling Green, Federal Hall, ak Stock Exchange a travè lantiy Jwif la. Enskripsyon nesèsè nan: mjhnyc.org/current-events/

Prezante pa Museum of Jewish Heritage - A Living Memorial to the Holocaust a travè patenarya avèk Otorite Battery Park City.

DIMANCH 18 SEPTANM

SELEBRASYON MIGRASYON

11AM-12:30PM, SOUTH COVE

Jwi de selebrasyon anyèl tout kreyati ki imigre atravè epi ki pase Battery Park City. Jounen an pral konsakre nan kreyasyon atistik, nan obsèvasyon zwazo epi nan yon pwomnad nan nati a avèk The Bee Conservancy

- plis yon prezantasyon an dirèk de Recycled Sounds pa pèkisyonis ki gen renome mondyal la Dende Macedo, ki envite patisipan yo pou fabrike enstriman apati materyo yo jwenn epi pou pèfòme avèk yo.

11AM: KREYASYON ATISTIK AK AKTIVITE

12PM: OBSÈVASYON ZWAZO / LAMACH NAN NATI A



JEDI 22 SEPTANM

EKINÒKS OTÒN DISKO SILANSYE

7-10PM, LOCATION TBD

Selebre arive otòn nan avèk yon fèt dans disko silansye ki prezante DJ nan QuietEvents. Kouche solèy ekstrawòdinè ak Lady Liberty pral sèvi kòm twal de fon pandan n ap danse nan bit mizik ki pi cho ki soti nan kas ki genyen limyè. Kas yo gratis. Vizite bpcn.ny.gov/events/ pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou lye a.

LENDI 26 SEPTANM

PLAY OFFS: KICKBALL

1:30-2:30PM, ROCKEFELLER PARK

Timoun ki genyen 6-10 lane yo envite pou jwe nan klinik pop-up yo nan jou konje ki seleksyone nan lekòl la nan otòn sa a. Rejwenn antrenè BPCA yo pou sesyon konpetans nan kickball ki fini avèk yon melaj ki louvri nan tout nivo yo. Eskane kòd QR a nan rsvp.



JEDI 29 SEPTANM

LEKTI POWETIK: EKRIVAN K AP EMÈJE

NAN DYASPOA AZYATIK LA

6PM, TEARDROP PARK SOUTH

Asian American Writers' Workshop, Yu and Me Books, premye librerri azyatik ameriken ki posede pa yon fanm nan katye istorik Chinatown nan Battery Park City Authority ki asosye pou prezante lekti powèt emèjan nan dyaspora azyatik la. Òganize pa Yi Wei, redaktè an chèf seksyon "Flash Fiction" nan atelye a, powèt chinwa premye jenerasyon ak loreya pri Sappho, lekti sa a pral sanble ak sèten vwa ki plis pasyonan nan epòk nou an. Yo sijere enskripsyon yo nan: aaww.org/events

Prezante pa Atelye Asian American Writers an patenarya avèk Battery Park City Authority.

LENDI 19 SEPTANM- SAMDI 24 SEPTANM

SEMÈN KLIMA A

Selon eritaj Battery Park City nan kesyon lidèchip anviwònmantal, Otorite Battery Park City yo selebre semèn klima a nan New York avèk yon seri pwogram varye ki ouvè pou piblik la. Verifye chèn rezo sosyal nou yo chak jou pou jwenn enfòmasyon: [instagram.com/bpcparks](https://www.instagram.com/bpcparks), [facebook.com/batteryparkcityparks](https://www.facebook.com/batteryparkcityparks), twitter.com/bpca_ny

LENDI 19 SEPTANM

SEMÈN KLIMA A: LAMACH NAN LANATI

12PM, ROCKEFELLER PARK

Yo envite fanmi yo pou rejwenn natiralis yo nan anviwònman nan zòn Hudson nan pou selebre ak pou aprann sou jesyon anviwònmantal pandan y ap patisipe nan yon lamach nan lanati.

VANDREDI 23 SEPTANM

RANKONT AVÈK APIKILTÈ

1:30-2:30PM, ROCKEFELLER PARK

Rejwenn yon prezantasyon ak prezantasyon ki dirije pa apikiltè Alveyòl yo nan rich Battery Park ki sitiye nan antre Chambers St. nan Rockefeller Park. Aprann sou enpòtans apikiltè iben ak avantaj li nan efò dirablite nan BPC ak nan tout vil la.

SAMDI 24 SETANM

ART AK PWEZI NAN BPC

2-4PM, IRISH HUNGER MEMORIAL JISKA BELVEDERE PLAZA

Nan selebrasyon Semèn Klima NYC a, rejwenn yon lamach atistik ak lekti pwezi ki dirije pa Istoryen Atistik Dorothea Basile ak Powèt Jon Curley.

Poze kote monn iben an rankontre monn natirèl la, BPC selebre jikstapozisyon sa a avèk art piblik inik li a ak eksplorasyon pwezi. Yon lekti pwezi ki prezante Michael Heller, Barbara Henning, ak Burt Kimmelman pral swiv.

2PM: LAMACH ATISTIK, rankontre nan Irish Hunger

Memorial 3PM: LEKTI PWEZI, Belvedere Plaza

SAMDI 01 OKTÒB

GO FISH!

10AM-1PM, LYE TBD

Nan selebrasyon Mwa Eritaj Ispanofòn nan, rejwenn nou pou youn nan evènman BPCA ki plis popilè yo, ki mansyone enpòtans jesyon ak konsèvasyon dlo lokal nou yo. Jounen an prezante lapèch avèk remiz nan dlo avèk pechè eksperimentant yo, yon pwojè atistik ak yon lamach nan nati a avèk The Bee Conservancy.

Teatro Sea pral prezante Galapagos Convention, yon jwèt an dirèk avèk maryonèt. Teyat edikatif bileng lan kreye travay espesifikman fèt pou egzamine, defye, ak kreye solisyon ki posib pou kominote yo.

Vizite bpca.ny.gov/events/ pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou lye a.

10AM-1PM: LAPÈCH AVÈK REMIZ NAN DLO

10:45AM: PWOJÈ ART

11AM: PÈFÒMANS TEYAT FAMILYAL

12:15PM: LAMACH NAN LANATI



DIMANCH 02 OKTÒB

SERI KONSÈ: SON JWIF MODÈN

6:30PM, MUSEUM OF JEWISH HERITAGE

36 BATTERY PLACE

Rejwenn Mize a pou yon seri ki gen kat konsè ki pral kouvri respirasyon mizik Jwif la, apati akòdeyon klezmer jiska folk ak elektwonik, enstrimantal djaz, ak cotton-candy pop. Avèk Daniel Kahn, Kami Maltz, ak lòt.

Enskripsyon nesèsè nan: mjhnyc.org/current-events/

Prezante pa Museum of Jewish Heritage - A Living Memorial to the Holocaust an patenarya avèk Otorite Battery Park City.

MÈKREDI 05 OKTÒB

PLAY OFFS: BEZBÒL

1:30-2:30PM, ROCKEFELLER PARK

Timoun ki genyen 6-10 lane yo envite pou jwe nan klinik pop-up yo nan jou konje ki seleksyone nan lekòl la nan otòn sa a. Rejwenn BPCA

antrenè pou yon sesyon konpetans bezbòl ki fini nan yon mele ki louvri pou tout nivo yo.

Eskane kòd QR a pou ale nan RSVP.



JEDI 06 OKTÒB

ENTÈLID: LADIES OF HIP-HOP
5:30PM, BELVEDERE PLAZA

Ladies of Hip-Hop se yon òganizasyon ki pa pou fè pwofi ki bay opòtinite atistik pou tifi ak fanm nan kilti Hip-Hop la. Apèn soti nan Festival anyèl LOH la, fanm yo pral prezante viyèt nan dènye pwojè yo a, ki mete an valè dènye apwòch yo, apwòch dinamik ak apwòch pisan hip-hop la.

MÈKREDI 12 OKTÒB

KÒLÈK SAN BPC NAN OTÒN
12-6PM, 6 RIVER TERRACE

Ede rekonstitiye apwovizyonman estòk ki an bès yo nan zòn twa eta yo. Tout pwosis la pran mwens pase inèdtan, epi yon don ka sove plizyè lavi! Enskri jodia a nan nybloodcenter.org

DIMANCH 16 OKTÒB

ART AK PWEZI NAN BPC
2-4PM, THE REAL WORLD NAN IRISH HUNGER MEMORIAL

Rejwenn nou pou yon lamach atistik ak lekti powetik ki dirije pa Istoryen Atistik Dorothea Basile ak Powèt Jon Curley. Poze kote monn iben an rankontre monn natirèl la, BPC selebre jikstapozisyon sa a avèk art piblik inik li a ak eksplorasyon pwezi. Yon lekti powetik ki prezante Elena Alexander, Jiwon Choi, ak Andrew Levy pral swiv.

2PM: LAMACH ATISTIK, rankont nan THE REAL WORLD
3PM: LEKTI POWETIK, IRISH HUNGER MEMORIAL

JEDI 20 OKTÒB

NOIR PAIRINGS: THE ASPHALT JUNGLE
6:30PM, PWOGRAM VITYÈL

Seri fim ibrid Noir Pairings lan asosye yon nouvo-noir avèk yon fil noir klasik pou konparezon ak diskisyon. Nan The Asphalt Jungle (1950) ki dirije pa John Huston, ansyen detni Doc ki rasanble pou vole 1 milyon dola an bijou, men apres a doub kwa yo, move chans, ak yon travay lapolis ki solid fè ke tout bagay efondre. Fim sa a asosye avèk Le Cercle Rouge (1970) ki montre yon moun nan 11/3.

Eskane kòd QR a avèk aparèy entelijan ou an pou enskri pou gade The Asphalt Jungle sou Eventive.



SAMDI 29 OKTÒB

ISTWA AK CHAN NAN KAD DIFE
2-4PM, TEARDROP PARK

Enstale w yon fason konfòtab bò yon kan dife pou istwa ak chan avèk fanmi ak zanmi avèk entèprèt ki genyen prim pou timoun Suzi Shelton. Manje yon ti goute ki vrman gou, epi patisipe nan yon pwojè atistik ki amizan!

JEDI 03 NOVANM

NOIR PAIRINGS: LE CERCLE ROUGE
6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Seri fim ibrid Noir Pairings lan asosye yon nouvo-noir avèk yon fil noir klasik pou konparezon ak diskisyon. Nan Le Cercle Rouge (1970), ki dirije pa Jean-Pierre Melville, ansyen prizonye ak mèl vòlè kwaze wout yon reskape notwa ak yon ansyen polisye ki alkowolik. Triyo a kontinye pou prepare yon kanbriyolaj nan yon magazen bijou nan Pari. Fim sa a asosye avèk The Asphalt Jungle (1957) ki disponib sou entènèt. Yo pral sèvi pèpèt gratis, epi pral genyen yon diskisyon aprè pwojeksyon yo.

MADI 08 NOVANM

PLAY OFFS: DODGEBALL
1:30-2:30PM, ROCKEFELLER PARK

Timoun ki genyen 6-10 lane yo envite pou jwe nan klinik pop-up yo nan jou konje ki seleksyon nan lekòl la nan otòn sa a. Rejwenn antrenè BPC yo pou yon sesyon konpetans dodgeball ki fini nan yon mele ki louvri pou tout nivo yo. Eskane kòd QR a nan rsvp.



MADI 08 NOVANM

ART AK JWÈT NAN JOU ELEKSYON AN
3-4PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Yo envite timoun yo pou yo patisipe nan yon pwojè atistik ak aktivite ki pale sou vòt ak sitwayènè ki responsab.

MADI 15 NOVANM

CHEF TALK: INSTITUTE OF CULINARY EDUCATION
6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Senpleman alè pou konje yo! Aprann sou fason pou prepare yon tat (pie) ki pafè avèk chèf-enstriktè ki soti nan Institute of Culinary Education. Eseye yon echantiyon epi resevwa kèk konsèy ak trik sou fason pou prepare yon pat ki fèt lakay epi fè kwout fantezi ki sèten yo pral enpresyone envite ou yo.

JEDI 17 NOVANM

NOIR PAIRINGS: BARTON FINK
6:30PM, PWOGRAM VITYÈL

Seri fim ibrid Noir Pairings lan asosye yon nouvo-noir avèk yon fil noir klasik pou konparezon ak diski-syon. Nan Barton Fink (1991), ki dirije pa frè Coen yo, yon dramatis New York vin atire nan Kalifòni pou ekri pou Sinema epi vin dekouvri yon orib verite sou Hollywood. Fim nan asosye avèk Sunset Blvd (1950) ki montre an pèsòn nan 12/8.

Eskane kòd QR a avèk aparèy entelijan ou an pou enskri pou gade Barton Fink nan Eventive.



28 NOVANM-01 DESANM

DEPOZISYON KADO BPC
9AM-4PM, 75 BATTERY PLACE

Lè paran yo pa ka bay kado Nwèl pou timoun yo a, Stockings With Care kolekte, òganize epi remèt kado bay fanmi yo, kidonk okenn timoun pa rete deyè. Ou kapab depoze kado ki pa anbalè nan bwat koleksyon nou an ki sitiye nan resepsyon an oswa nan selebrasyon Holiday Lights la nan 12/1.

JEDI 01 DESANM

SELEBRASYON HOLIDAY LIGHTS

6PM, ROCKEFELLER PARK

Lanse sezon an avèk yon sware fèt ki genyen chan ki anime, bon bwason, ak friyandiz sikre avèk kominotè Battery Park City ou an! Vin gade nouvo pyebwa BPC Holiday la nan Rockefeller Park. Selebri lespridon an epi ede sila yo ki bezwen yo pandan w ap pote kadon ki pa anbale pou pataje avèk Stockings With Care. Aparans espesyal envite yo paKoral Sing Harlem nan, ak you-know-who!

JEDI 08 DESANM

NOIR PAIRINGS: SUNSET BLVD

6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Seri fim ibrid Noir Pairings lan asosye yon nouvo-noir avèk yon fil noir klasik pou konparezon ak diskisyon. Nan Sunset Blvd (1950), dirije pa Billy Wilder, yon senaris ki echwe, devlope yon relasyon danjre avèk yon atis sinema ki disparèt ki detèmine pou fè yon retou triyonfan. Fim sa a asosye avèk Barton Fink (1991) ki disponib sou entènèt. Yo pral sèvi pèpèt gratis, epi pral genyen yon diskisyon aprè pwojeksyon yo.

MÈKREDI 14 DESANM

KÒLÈK SAN BPC NAN JOU FERYE

12-6PM, 6 RIVER TERRACE

Ede rekonstitiye apwovizyonman estòk ki an bès yo nan zòn twa eta yo. Tout pwosesis la pran mwens pase inèdtan, epi yon don ka sove plizyè lavi! Enskri jodia a nan nybloodcenter.org

26 DESANM-28 JANVYE

RESIKLÈ PYEBWA OU AN

Ede Battery Park City rete vèt pandan sezon jou ferye sa a! Tanpri depoze pyebwa ou an san dekourasyon nan koub la. Operasyon pak la pral pase pran pyebwa yo jiska 28 Janvye. Yo bwaye pyebwa yo epi yo itilize yo kòm pay nan pak Battery Park City yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 212-267-9700.

LENDI 12 SEPTANM-31 OKTÒB

MEDITASYON NAN MATEN
9:30-10AM, LILY POND

Kòmanse jounen w pandan w ap ekilibre mantal ou, kò w, ak lespri w pandan enstriktè a ap gide meditasyon an. Pratik renome sa a redwi tansyon, redwi estrès, epi ranfòse sistèm iminitè a. Okenn pwogram nan 10/10.



LENDI 12 SEPTANM-19 DESANM

EGZÈSIS AN GWROUP POU
SENYÒ 10:30-11:30AM, IRISH
HUNGER MEMORIAL PLAZA
(SEP12-OCT31) 6 RIVER TERRACE
(07NOVANM-19 DESANM)

Ranfòse tout kò w soti nan echofman jiska refwadisman avèk divès egzèsis amizan. Enstriktè a pral gide w nan mouvman ritmik ak ayewobik, egzèsis ekilib ak kowòdinasyon, ak fòmasyon pou fòs tou. Rejwenn gwoup la epi fè egzèsis nan bèl mizik!

Okenn pwogram nan 10/10.

LENDI 17 OKTÒB-21 NOVANM

EKRITI LANATI*
2-3:30PM, BIBLIYOTÈK BATTERY PARK
CITY

175 NORTH END AVE.
PWOGRAM GRATIS: ENSKRIPSYON
NESESE, ESPAS LIMIT

An patenarya avèk Bibliyotèk Battery Park City a, rejwenn nou pou yon lamach chak semèn ak sesyon ekriti ki dirije pa Otè ak Powèt Jon l urley. Pran enspirasyon w apati ini peyizaj Battery Park City a, yo pral ankouraje patisipan yo pou konsidere anviwònman an ak pou aprann itilize obsèvasyon inati a kòm yon mwayen pou amelyore mod ekriti yo nan nenpòt mod yo preferè - ki genyen ladan antrè Etobiyografi/journal entim, sketch, powèl, istwa, kòmantè, editoryal, oswa tout sa yo ki anwo a!

enskripsyon nesese, tanpri voye yon imèl bay
egistration@bpca.ny.gov

MADI 06 SEPTANM-25 OKTÒB

BLITZ CHESS & BACKGAMMON
12:30-1:30PM, ROCKEFELLER PARK

Yon pwogram manje midi pou pasan yo jwe yon jwèt rapid echèk oswa backgammon.

Itilizasyon revèy, opozan yo pral jwe jwèt 5 minit ki rapod, firye, epi amizan.

Yon enstriktè pral disponib pou ofri endikatè ak konsèy pou amelyore jwèt ou an.

MADI 06 SEPTANM-27 DESANM

ADULT ZUMBA
10:30-11:30AM, IRISH HUNGER
MEMORIAL PLAZA (06 SEPTANM-
25 OKTÒB) 6 RIVER TERRACE (08
NOVANM- 27 DESANM)

Egzèsis degize! Rejwenn prezantasyon amizan koregrafi dans Latin ki fasil pou swiv pandan w ap travay sou ekilib ou, kowòdinasyon, ak divèsite mouvman. Mennen zanmi ou yo epi vin prepare w pou ansèyman antouzyas, yon ti fòmasyon fòs ak anpil amizman.



MADI 06 SEPTANM-27 DESANM

DEPOZISYON SENYÒ
2:30-4PM, 200 RECTOR PLACE

Depoze nan Sal Kominotè a epi rejwenn senyò yo nan pi gran espas BPC a pou

konsèvasyon, nouvel lokal, ak jwèt kat enfòmèl ak jwèt tablo. Fè zanmi epi rankontre avèk vwazen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon voye yon imèl bay:
200rector@bpca.ny.gov

MÈKREDI 07 SEPTANM-28 OKTÒB

SUNSET YOGA
6-7PM, ROCKEFELLER PARK
SOUTH LAWN

Namaste! Detann ou aparè jounen an avèk yon yoga eksteryè. Plonje tèt ou nan pratik meditatif sa a - ki antoure avèk ora pezi Hudson nan. Ranfòse kò w ak epi kiltive sansiblite w nan yon anviwònman ki relaksan pandan enstriktè ou an ap gide w atravè aliyman ak poz. Yo dakò ak tout nivo yo. Yo ankouraje w pote pwòp kapèt ou, paske akseswa yo bay yo se pou premye vini premye sèvi.



MÈKREDI 07 SEPTANM-26 OKTÒB

FIGURE AL FRESCO
10AM-12PM, RECTOR PARK EAST

Pak BPS a ofri yon anviwònman inik pou obsève ak pou obsève figi moun. Chak semèn yon modèl pral pran poz ki long ak poz ki kout pou patisipan yo desine. Yon atis/edikatè pral ofri sijesyon konstriktif ak kritik. Yo bay materyèl pou desen yo, epi yo ankouraje atis yo pou pote pwòp medya favori yo.

MÈKREDI 07 SEPTANM-26 OKTÒB

ELEMAN DESEN NATI A
2-4PM, RECTOR PARK EAST

Rejwenn kominote atis nou yo ki genyen nivo konpetans pandan nou enspire pa antouraj nou yo pou kreye materyèl desen, pastèl ak akwarèl. Anbeli èvda ou an avèk flè a- ki ranpli ak palèt jaden vèdwayan ki evoye chak sezon. Yon atis/edikatè pral bay lide ak enstriksyon. Yo bay materyèl, epi yo ankouraje atis yo pou pote pwòp medya favori yo.

JEDI 01 SEPTANM-27 OKTÒB

PICKUP PICKLEBALL
9AM, ESPLANDE PLAZA

Yon fizyon eksitan badminton ak tennis, pickleball te pwouve ke li ranfòse misk, ke li bouste sante kadyovaskilè, epi li amelyore fonksyon sèvo a. Nan Jedi yo, filè Esplanade Plaza pral bese pou pèmèt jwèt pickeball, sou yon baz moun ki premye vini se li y ap premye sèvi. Pèmi yo disponib tou nan bpca.ny.gov.

JEDI 10 NOVANM AK 08 DESANM

RANKONTRE AVÈK MWEN NAN
KIZIN NAN: FÈ CHWA KI AN
SANTE* 11AM-12PM, ASPHALT GREEN,
212 NORTH END AVENUE

PWOGRAM GRATIS: ENSKRIPSYON NESESÈ,
ESPAS LIMIT.

Nitrisyonis Lauren C. Kelly ofri rebondisman kreyatif sou resèt klasik yo, preparasyon manje, ak tandans kizin yo. Soti nan apatisè, jiska antre yo, jiska desè, aprann kijan pou konsepsyon meni pandan w ap itilize konsèy ki itil ak aktyèl dekouvèt rechèch yo pou pi bon sante ak alimentasyon.

Enskripsyon nesèsè, tanpri voye yon imèl: registration@bpca.ny.gov

VANDREDI 09 SEPTANM-16 DESANM

TAI CHI

8:30-9:30AM,
ESPLANADE PLAZA (09 SEPTANM-
28 OKTÒB) 6 RIVER TERRACE (04
NOVANM-16 DESANM)

Amelyore ekilib, fòs, ak konsantrasyon
atravè egzèsis ki dou. Siy ak son rivyè
a bay yon fon ki kalm pou ansye posti
ki fliyid. Yon chwa ideyal pou adilt
nan tout laj. Okenn pwogram 10/7,
11/11, 11/25.



VANDREDI 23 SEPTANM-14 OKTÒB

OBSÈVASYON ZWAZO NAN OTÒN
RECTOR PARK EAST

23 SEPTANM 9-
9:50AM 30
SEPTANM 12-
12:50PM
14 OKTÒB 12-12:50PM

Ki zwazo ki viv nan jaden ou an? Rejwenn
nou nan sezon migrasyon otòn sa a pou
dekouvri! Seri sòti obsèvasyon zwazo sa a
amizan pou debitan yo,
amatè nan zwazo, ak ònitològ amatè yo.
Ansanm, nou pral eksplòre pak BPC yo, epi gade
kisa ki rann andwa sa a yon lye predileksyon pou
zwazo iben ak pou mèvèye migratè yo! Yo bay
jimèl ak gid pou teren, oswa vini avèk pa w.



SAMDI 10 SEPTANM-29 OKTÒB

DESEN NAN PAK LA
10AM-12PM, SOUTH COVE

Pentire nan akwarèl yo oswa itilize
pastèl ak lòt materyèl desen yo pou
kaptire magical vistas Rivyè Hudson
nan ak inik peyizaj South Cove la.
Yon atis. edikatè pral ede patisipan
tout nivo yo avèk enstriksyon ak
kritik. Yo bay materyèl, epi yo
ankouraje atis yo pou pote pwòp
medya favori yo. Okenn pwogram
nan 10/8.



LENDI

12SEPTANM-24 OKTÒB

CHILDREN'S FLAG FOOTBALL

LAJ 3-5: 3-3:30PM

LAJ 6-10: 3:45-4:30PM ROCKEFELLER

PARK

Kòmanse aprèmidi w avèk yon flag football!! Pratik fondamantal yo pou pase, resevwa, ak estrateji jwèt avèk egzèsis amizan ak egzèsis ki difisil, ak egzèsis pou tout nivo yo. Rankontre nouvo zanmi pandan w ap angaje w nan sesyon konstriksyon konpetans ki konsantre sou ekilib, kowòdinasyon, mouvman, ak sansiblizasyon. Li nesesè pou mete soulye ki fèmèn zòtèy. Okenn pwogram nan 10/10.

LENDI

12SEPTANM-24 OKTÒB

JUNIOR ANGLERS CLUB

FOR LAJ 7-10

3:30-5PM, 200 RECTOR PLACE

6 SESYON, \$90

ENSKRIPSYON NESESÈ, ESPAS LIMIT

Eksplòre si bèl ekosistèm Hudson River a antanke jèn entandan nan resous natirèl presye sa a. Pratik konpetans ki nesesè pou opere yon kàn ak yon moulinè ak pou fè eksperyans avèk egzèsis lapèch avèk remiz nan dlo a. Idantifye pwason natif nou an pou soumèt done pou chèche gwoup pou ede kontwole sante dlo lokal nou yo. Tès dlo ak lòt pwojè ki amizan pral ogmante etid la. Enskripsyon nesesè, tanpri voye yon imèl: registration@bpca.ny.gov. Okenn pwogram nan 10/10.

MADI

06 SEPTANM-25 OKTÒB

CHILDREN'S ULTIMATE FRISBEE

LAJ 3-5: 3-3:30PM

LAJ 6-10: 3:45-4:30PM ROCKEFELLER

PARK

Kòmanse aprèmidi w avèk yon Ultimate Frisbee! Pratik fondamantal yo pou pase, resevwa, ak estrateji jwèt avèk egzèsis amizan ak egzèsis ki difisil, ak egzèsis pou tout nivo yo. Rankontre nouvo zanmi pandan w ap angaje w nan sesyon konstriksyon konpetans ki konsantre sou ekilib, kowòdinasyon, mouvman, ak sansiblizasyon. Li nesesè pou mete soulye ki fèmèn zòtèy.

MADI

06 SEPTANM-25 OKTÒB

KLÈB JADINAJ POU TIMOUN POU

LAJ 6-10 LANE

3:15-4:45PM, ROCKEFELLER PARK,

JADEN POU TIMOUN

PWOGRAM GRATIS: ENSKRIPSYON NESESÈ, ESPAS LIMIT

Dekouvri plezi ak rekonpans ki genyen nan pran swen yon jaden. Plante bil ki pral fleri prentan pwochen, epi patisipe nan awozaj, anlèyman zèv, mete konpòs, ak lòt pratij jadinaj vèt yo. Aprann sou fason jaden rezilyan nou an bay manje pou ensèk polinizatè ak zwazo yo. Etid ki amizan nan nati a ak pwojè atistik yo pral ogmante pwogram nan. Pou timoun ki renmen lanati epi ki renmen sal kò yo! Enskripsyon nesesè, tanpri voye yon imèl: registration@bpca.ny.gov

MADI 06 SEPTANM-25 OKTÒB

DROP-IN CHESS (JWÈT ECHÈK)
3:30-5PM, ROCKEFELLER PARK

Jwe jwèt estrateji popilè yo pandan y ap jwenn endikasyon ak konsèy nan men yon ekspè. Jwèt echèk amelyore konsantrasyon, rezolisyon pwoblèm, ak planifikasyon estratejik - anplis li amizan! Pou 5 lane ak plis (adilt yo byen vini).



MÈKREDI 07 SEPTANM-26 OKTÒB

MÈKREDI ART NAN TEARDROP
3:30-5PM, TEARDROP PARK

Eksplòre anviwònman inik Teardrop Park pandan w ap kreye art ki dinamik. Pwofesè art yo dirije moun ak pwojè an gwoup yo avèk itilizasyon ajil, kolaj, penti, ak plis. Referanse Inistativ Zewo Dechè nou an, pwojè avèk yon konsantrasyon sou materyo ki resikle, materyo ki reutilize epi ki pral enspire atis yo pou pran swen monn nou an nan fason ki kreyatif! Yo bay apwovizyonman pou art. Rad pou fè gagòt! Pou 5 lane ak plis.



JEDI 01 SEPTANM-27 OKTÒB

ART JEDI NAN ROCKEFELLER
3:30-5PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Kite atis ki anndan w lan briye! Jwen lòt timoun ki genyen laj pou lekòl yo pou art nan Park House. Pwofesè art yo dirije moun ak pwojè an gwoup yo avèk itilizasyon ajil, kolaj, penti ak plis. Referanse Inisyativ Zewo Dechè nou an, pwojè avèk yon konsantrasyon sou materyo resikle, ak materyo ki reutilize pral enspire atis yo pou pran swen monn nou an nan fason ki kreyatif! Yo bay apwovizyonman pou art. Rad pou fè gagòt! Pou 5 lane ak plis.

LENDI

12 SEPTANM-31 OKTÒB

MOMAN ISTWA NAN PARK HOUSE LA
10:30-11:00AM, ROCKEFELLER PARK
HOUSE

Timoun yo aprann reflechi atravè eksperyans istwa yo. Rejwenn nou pandan n ap eksplòre travay ekselan nan literati timoun ki ilistre ki rasanble nou isit la ak kounyeya. Genyen chan ak dans ladan! Okenn pwogram nan 10/10.

MADI

06 SEPTANM-25 OKTÒB

YOUNG SPROUTS GARDENING
2:30-3PM, ROCKEFELLER PARK
CHILDREN'S GARDEN

Yon trè bèl opòtinite pou ti jadye yo ak adilt ki akonpaye yo genyen yon vi dansanm monn lan! Rejwenn nou pandan n ap li istwa sou lavi nan kabann jaden nou yo epi apresya dirije nan Jaden Timoun yo jiska awoze, fouye, epi admire plant ak flè ki antoure nou yo! Ansanm, nou pral obsève sezon k ap chanje yo epi aprann sou polinizatè ak lòt ensèk ki ede plant yo grandi yo. Jadinaj se yon bèl entwodiksyon pou anseye nou fason pou pran swen anviwònman an.

MADI

06 SEPTANM-25
OKTÒB

MOMAN JWÈT NAN PARK HOUSE
10:30AM-12:00PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Jwèt se pwen fonnman premye devlopman anfans. Rankont lòt timoun yo, paran, ak swanyan pou jwèt enteraktif deyò Park House. Jwèt ki apwopriye sou plan devlopman ak ekipman jwèt nesèsè.

JEDI

01 SEPTANM-27 OKTÒB

ART PRESKOLÈ
10:30AM-12PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Yo entwodwi atis ki plis jèn yo nan papye, ajil, penti, ak materyèl resiklaj chak jou, sa ki transfòme yo an chedèv kreyativite ak lajwa. Pwojè ki apwopriye ak laj ki prezante pa yon pwofesè art. Materyèl yo bay. Rad pou fè gagòt.

MÈKREDI 07

SEPTANM-12 OKTÒB

KINDIE ROCK
10:30-11:15AM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Entèprèt mizik familyal ki resevwa prim dirije fanmi yo avèk timoun piti yo nan chanson rock yo!



SEPTANM AK OKTÒB

ART PIBLIK: LAJISTIS REFLETE PA JAMES YAYA HOUGH
ESPLANADE PLAZA

An kolaborasyon avèk Art For Justice Fund, Battery Park City prezante avèk fyète yon nouvo komisyon art piblik tanporè pa James Yaya Hough. Tanpri veye mizajou yo sou Selebrasyon Ouvèti a, tou ak atelye travay avèk tis la, ak pwogram ki prezante lajistis sosyal ak lidè lajistis restorati yo.

Dat ak lòt enfòmasyon anplis nan bpca.ny.gov/events/

Gwo sipò pou Justice Reflected founi pa Art For Justice Fund, yon pwojè Rockefeller Philanthropy Advisors, an patenarya avèk Ford Foundation.



TOU KI DIRIJE PA ATIS: VI VÒL ZWAZO
TBD, RANKONTRE NAN KWEN NÒDWÈS ROCKEFELLER PARK A

Antoure tèt ou avèk zwazo Battery Park City yo a travè Yon Ogmantasyon Reyalite! Aprann sou art, teknoloji, ak dirablite avèk atis Shuli Sadé, kreyati enstalasyon atistik AR art Vi Vòl Zwazo, pandan l ap dirije yon tou ak demonstrasyon sit aktivasyon artwork yo. Dat ak lòt enfòmasyon anplis nan bpca.ny.gov/events/

SELEBRASYON DEPLASMAN ART PIBLIK
RECTOR PARK EAST AK LÈS SOUTH COVE

Rejwenn nou pandan n ap swete byevini ak Jim Dine's Ape and Cat nan Dans lan, Zye Bourgeois, ak Tony Cragg's Resonating Bodies nan nouvo! Dat ak lòt enfòmasyon anplis nan bpca.ny.gov/events/



6 RIVER TERRACE

6 Espas Kominotè Fleksib nan River Terraceis Battery Park City, disponib pou lwe pou pati yo, pou rankont, pou evènman kominotè, ransanbleman famiyal ak rasanble jou konje, rankont komèsyal, ak plis! Espas 2,000 pye kare ki aksesib pou chèn woulant lan genyen aksè nan nivo lari a ak gran fenèt ki bay limyè natirèl ak vi nan pak la ak sou Hudson River.

Tarif yo kòmanse a \$600 pou yon evènman dezèditan, avèk inèditan anvan ak aprè pou enstalasyon ak netwayaj.

Kontra lokasyon nesèsè. Yo dwe rsevwa aplikasyon yo omwen yon mwa alavans de dat lokasyon ou mande a.

Pou jwenn plis enfòmasyon tanpri rele 212-267-9700 ext. 9363

oswa voye yon imèl nan: 6riverterrace@bpca.ny.gov



SANT KOMINOTÈ NAN STUYVESANT HIGH SCHOOL

KOU OTÒN YO KÒMANSE

Sante Kominotè a se yon resous ki abòdab epi ki aksesib pou rekreyasyon, espò, lanaj, ak aktivite fizik. Abònman anyèl yo kòmanse sèlman nan \$59 avèk tout opsyon yo mwens pase \$200 pa ane.

Klas gratis yo ki enkli nan abònman an genyen ladan; leson pou lanaj pou tout laj, Zumba, seyans antrènman bòks pou tout kò, yoga, badminton, tai chi, ak plis. Sesyon kou otòn yo pral kòmanse nan dat 12 Septanm nan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite Sant Kominotè a nan 345 Chambers Street, NY, NY 10282, www.bpca.ny.gov oswa imèl nan: communitycenter@bpca.ny.gov



TEREN BPC BALL

KALANDRIYE OTÒN YO

01 SEPTANM-30 NOVANM

LENDI - VANDREDI, 8AM-9PM SAMDI
AK DIMANCH, 8AM-9PM

KALANDRIYE IVÈ YO

01 DESANM-29 FEVRIYE

LENDI - VANDREDI, 9AM-8PM SAMDI
AK DIMANCH, 9AM-8PM

Sitiye nan Ri Lwès ant Murray ak Warren Streets. Louvri tout lane pou espò an gwoup ki genyen softball, kickball, Ultimate Frisbee, lacrosse, foutbòl ameriken, ak soccer. Pou aplike pou yon pèmi Ball Fields, tanpri vizite: www.bpca.ny.gov/apply/permits



PWOJÈ REZILYANS SOUTH BATTERY PARK CITY

POU PWOTEJE WAGNER PARK AK KOMINOTE KI TOUPRE A KONT GWO LORAJ AK LORAJ KI VINI SOUVAN YO, WAGNER PARK PRAL FÈMEN PANDAN DE LANE APATI MWA K AP VINI YO.

Lè Wagner Park retounen, li pral genyen ladan gran gazon ak jaden; espas pou edikasyon, espas kominotè, espas pou dine, ak espas pou pwogram; bèl vi; aksè pou tout moun.

Pwojè Rezilyans South Park City a fè pati Pwogram Rezilyans Lower Manhattan Coastal la, ki pral pwoteje bòdmè nou an kont inondasyon.

Pou gade anrejistremen prezantasyon yo ak rankont kominotè ki lye ak pwojè a ak pou revize konsepsyon final yo, vizite BPCL.NY.GOV.



BATTERY PARK CITY MAP







NEW YORK
STATE OF
OPPORTUNITY.

Battery Park City Authority

75 Battery Place
New York, NY 10280
212-267-9700

www.bpca.ny.gov

 facebook.com/batteryparkcityparks

 twitter.com/bpca_ny

 instagram.com/bpcparks